

**AVI SOU PRATIK UNIVERSITY OF MIAMI HEALTH SYSTEM  
POU UTILIZASYON AK DIVILGASYON ENFÒMASYON PRIVE**

Dat avi a anvigè: 1ye desanm 2007

**AVI SA A DEKRI FASON NOU KAPAB UTILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON  
MEDIKAL OU AK FASON OU KAPAB GENYEN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO.  
TANPRI REVIZE LI AVÈK ATANSYON.**

**LÈ AVI SA A APLIKE**

Avi sa a rezime pratik pou itilize an divilge enfòmasyon prive nan University of Miami Health System, ki genyen ladan University of Miami Hospital ak Klinik yo (UMHC), University of Miami Sylvester Comprehensive Cancer Center, Anne Bates Leach Eye Hospital, Bascom Palmer Eye Institute, University of Miami Hospital (UMH), klinik University of Miami ki afilye avèk lopital yo, doktè pratisyen University of Miami ak efektif yo, epitou pèsonèl medikal la, doktè ak pwofesyonèl medikal ki ofri ou sèvis tretman ak sèvis medikal nan lopital sa yo ("University"). Nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou ba lòt moun pou objektif ki dekri nan avi sa a, epitou pou aktivite administratif komen nou yo.

**OBLIGASYON OU**

Lalwa egzije nou pou:

- Konsève enfòmasyon medikal pwoteje ou yo an sekre;
- Ba ou avi sa a sou obligasyon legal nou yo ak pratik itilizasyon ak divilgasyon konsènan enfòmasyon ou yo; epi
- Respekte dispozisyon avi nou ki anvigè nan moman an.

**FASON NOU KAPAB UTILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL YO**

Lè ou resevwa sèvis oswa tretman nan University, y ap mande ou pou siyen yon fòmilè konsantman an, kote w ap ban nou pèmasyon pou itilize ak divilge enfòmasyon ou nan fason lalwa federal sou enfòmasyon prive bay otorizasyon pou sa, jan sa rezime nan Avi sa a. Men, kèk kalite enfòmasyon medikal la kapab gen pou wè ak pwoteksyon espesyal enfòmasyon prive dapre lalwa Eta Florid oswa dapre lòt lwa federal, kidonk pòsyon avi sa a kapab pa aplike. Si ou resevwa sèvis oswa tretman pou konsomasyon alkòl oswa lòt sibstans nan pwogram tretman nou pou abi estipefyan, w ap resevwa yon avi apa ki dekri fason nou kapab itilize, divilge ak pwoteje konfidansyalite enfòmasyon medikal konsènan tretman pou konsomasyon alkòl oswa pou abi estipefyan. Answit, genyen règ espesyal ki aplike nan rezilta tè s viris imino-defisyans imen ("VIH") ki idantifye ou oswa nan lòt enfòmasyon yon tè VIH ki fèt sou ou ("rezilta tè VIH"). Seksyon anba a ki genyen tit "Kouman Nou Kapab Itilize ak Divilge Rezilta Tès VIH" dekri fason nou kapab itilize ak divilge kalite enfòmasyon medikal yo. Finalman, seksyon anba a ki genyen tit "Kouman Nou Kapab Itilize ak Divilge Nòt Sikoterapi" dekri fason nou kapab itilize ak divilge nòt sesyon konsèy sikoterapi ou patisipe.

Kategori aktivite sa yo dekri fason nou kapab itilize ak divilge enfòmasyon medikal ki idantifye ou “Enfòmasyon Medikal”). Kèk kategori genyen egzanp, men lis la pa genyen tout kalite itilizasyon oswa divilgasyon ki fè pati yon kategori. Sof pou kategori aktivite ki dekri anba yo, n ap itilize ak divilge Enfòmasyon Medikal yo sèlman avèk pèmasyon ou ban nou alekri. Si ou ban nou pèmasyon pou itilize oswa pou divilge Enfòmasyon Medikal yo (avèk tou rezilta tèz VIH ak nòt sikoterapi) pou yon rezon ki pa nan avi sa a, ou kapab anile pèmasyon sa a nenpòt kilè. Pou fè sa, ou dwe fè yon demann alekri nan Privacy Office nou an ki nan adrès ki endike nan fen avi sa a.

- a) **Pou Tretman.** Nou kapab itilize Enfòmasyon Medikal yo pou trete ou oswa pou ofri ou sèvis swen medikal. Nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo ba doktè, enfimyè, teknisyen oswa lòt manm pèsònèl, epitou ba moun ki p ap travay nan bilding oswa klinik nou menm ki patisipe nan swen medikal ou. Pa egzanp, nou kapab bay doktè premye swen ou enfòmasyon sou swen nou te ba ou oswa nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo ba yon espesyalis pou ba ou sèvis adisyonèl jan sa apwopriye pou objektif tretman an.
- b) **Pou Peman.** Nou kapab itilize ak divilge Enfòmasyon Medikal yo pou nou menm oswa lòt yo kapab voye bòdwo ba ou oswa pou resevwa peman ou, peman nan yon pwogram gouvènman oswa nan yon konpayi asirans oswa peman lòt twazyèm pati responsab pou tretman ak sèvis ou resevwa an. Pa egzanp, nou kapab bay enfòmasyon sou plan medikal ou konsènan tretman ou pou nou kapab peye pou tretman an. Nou kapab fè plan medikal ou konnen tou sèvis ou pral resevwa pou nou kapab jwenn apwobasyon davans oswa pou nou kapab detèmine si plan ou ap garanti sèvis yo.
- c) **Pou Fonksyònman Swen Medikal.** Nou kapab itilize ak divilge Enfòmasyon Medikal yo pou fonksyònman swen sante, ki se aktivite administratif ki gen pou wè k fonksyònman University. Itilizasyon ak divilgasyon sa yo nesèsè pou konsève kalite swen lè n ap founi sèvis ba pasyan nou yo epitou pou objektif biznis nou ak kontwòl nou. Pa egzanp, nou kapab itilize Enfòmasyon Medikal yo pou revize konpetans ak kalite swen pasyan nou yo resevwa.
- d) **Rapèl Randevou, Lòt Chwa Tretman, epi Benefis ak Sèvis ki Asosye ak Sante** Nou kapab itilize ak divilge Enfòmasyon Medikal yo pou kontakte ou pou fè ou sonje ou genyen yon randevou avèk nou. Nou kapab itilize ak divilge Enfòmasyon Medikal yo tou pou fè w konnen chwa tretman, lòt chwa tretman, benefis ki asosye ak sante, oswa sèvis ki kapab enterese ou.
- e) **Aktivite Ranmasaj Lajan.** Nou kapab itilize enfòmasyon demografik ou (pa egzanp, non, adrès ak lòt enfòmasyon kontak), ak/oswa dat nou te founi ou swen sante, pou kontakte ou nan yon efò pou ranmase lajan pou sipòte University. Nou kapab divilge enfòmasyon sa yo tou ba yon fondasyon asosye oswa ba asosye biznis nou yo pou yo kapab kontakte ou pou ranmase lajan pou nou.
- f) **Lis Pasyan Lopital la.** Si ou se yon pasyan nan yon lopital University of Miami, nou kapab fè lis non, eta sante (sètadi, bon, kritik), ak kote nan lopital lis lopital nou a, sof si ou mande nou pou pa fè sa. Nou kapab divilge enfòmasyon sa yo ba nenpòt moun ki mande pou ou dapre non nou.

- g) **Legliz.** Nou kapab divilge enfòmasyon yo nan lis lopital nou ak enfòmasyon ou chwazi pou ban nou konsènan afilyasyon relijye nou ba manm legliz pou itilizasyon ak divilgasyon nan aktivite relijye yo.
- h) **Moun ki Patisipe nan Swen Ou oswa nan Peman pou Swen Ou.** Nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo ba yon moun, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi, ki patisipe nan swen medikal ou oswa ki ede pou swen medikal ou, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi. Nou kapab fè moun sa yo konnen tou kote ou ye oswa eta sante jeneral ou, oswa nou kapab divilge enfòmasyon yo ba yon enstitisyon ki ede nan efò soulajman yon katastwòf.
- i) **Rechèch.** Nan sèten sikonstans, nou kapab itilize ak divilge Enfòmasyon Medikal yo pou fè rechèch. Pa egzanp, yon pwojè rechèch kapab konsène konparezon sante ak gerizon tout pasyan ki te resevwa yon medikaman oswa tretman pou moun ki te resevwa yon lòt, pou menm eta sante a. Anvan nou itilize oswa divilge Enfòmasyon Medikal yo pou fè rechèch la, pwojè a ap sibi yon pwosesis apwobasyon espesyal. Pwosesis sa a ap evalye yon pwojè rechèch ki pwopoze ak itilizasyon Enfòmasyon Medikal yo pou ekilibre benefis rechèch avèk bezwen pou konfidansyalite Enfòmasyon Medikal yo. Nou kapab bay chèchè yo pèmasyon tou pou gade dosye pou ede yo idantifye pasyan ki kapab fè pati pwojè rechèch yo oswa pou lòt rezon sanblab, toutotan yo pa retire oswa yo pa fè kopi avèk yo sou nenpòt Enfòmasyon Medikal.

### SIKONSTANS ESPESYAL

Anplis tout sa ki endike anwo a, nou kapab itilize a divilge Enfòmasyon Medikal yo nan sikonstans espesyal sa yo:

- j) **Jan Lalwa Egzije sa.** N ap divilge Enfòmasyon Medikal yo lè lalwa entènasyonal, lafwa federal, lalwa leta ak lalwa lokal egzije nou pou fè sa.
- k) **Pou Evite Yon Menas Grav pou Sante oswa Sekirite.** Nou kapab itilize ak divilge Enfòmasyon Medikal yo lè li nesesè pou evite oswa pou diminye yon menas grav sou sante oswa sekirite ou, oswa sou sante oswa sekirite piblik la oswa yon lòt moun. Men, nenpòt divilgasyon ap fèt ba yon moun nou kwè ki kapab anmezi pou ede evite menas la.
- l) **Asosye Biznis.** Nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo ba asosye biznis nou angaje nan founi sèvis sou non nou si enfòmasyon yo nesesè pou sèvis yo. Pa egzanp, nou kapab itilize yon lòt konpayi pou fè sèvis voye bòdwo sou non nou. Asosye biznis nou yo genyen obligasyon, dapre kontra yo fè avèk nou, pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ou yo, epitou yo pa genyen pèmasyon pou itilize oswa divilge nenpòt enfòmasyon ki diferan ak sa ki endike nan kontra nou fè avèk yo.
- m) **Don Ògàn ak Tisi.** Si ou se yon donatè ògàn, nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo ba òganizasyon ki okipe afè resevwa ògàn oswa transplantasyon ògàn, zye, oswa tisi oswa ba yon bank don ògàn, jan sa nesesè, pou fasilite don oswa transplantasyon ògàn oswa tisi.
- n) **Fòs lame ak Veteran.** Si ou se yon manm fòs lame, nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo jan otorite kòmanman militè yo egzije sa. Nou kapab

divilge Enfòmasyon Medikal yo tou ba otorite militè etranje apwopriye si ou se yon manm yon fòs lame etranje.

- o) **Konpansasyon Travayè.** Nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo jan lalwa otorize sa epi nan limit ki nesese pou respekte lalwa konsènan konpansasyon travayè oswa pwogram sanblab. Pwogram sa yo ofri benefis pou domaj oswa maladi ki asosye ak travay.
- p) **Danje pou Sante Piblik.** Nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo pou aktivite sante piblik. Anjeneral, aktivite sa yo genyen ladan divilgasyon pou anpeche oswa pou kontwole maladi, domaj, oswa enfimite; pou rapòte nesans oswa lanmò; pou rapòte abi oswa neglijan sou timoun; pou rapòte reyaksyon nan medikaman oswa pwoblèm avèk pwodui yo; pou fè moun yo sonje pwodui yo kapab itilize; pou swiv sèten pwodui epi pou kontwole itilizasyon ak efikasite yo; si lalwa bay otorizasyon, pou fè yon moun konnen kimoun ki kapab ekspoze nan yon maladi oswa ki kapab ekspoze pou trape oswa gaye yon maladi oswa yon kondisyon sante; epitou pou fè siveyans medikal lopital nou yo nan sèten sikonstans limite konsènan maladi oswa domaj nan espas travay. Nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo ba yon otorite apwopriye gouvènman si nou kwè yon pasyan viktim yon abi, neglijan oswa vyolans nan kay; men, n ap sèlman divilge enfòmasyon sa yo si pasyan an dakò oswa lè lalwa fè nou egzijans oswa ban nou otorizasyon pou sa.
- q) **Aktivite Neglijan Medikal.** Nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo ba yon biwo ki okipe afè neglijan medikal pou aktivite lalwa otorize. Pami aktivite neglijan medikal yo, genyen odit, ankèt, enspeksyon, ak pèmi egzèsis lopital ak founisè swen medikal nou yo. Aktivite sa yo nesese pou gouvènman an kontwole sistèm swen medikal la, pwogram gouvènman an, ak respè lwa sou dwa sivil yo.
- r) **Pwosè ak Konfli.** Si ou konsène nan yon pwosè oswa yon konfli, nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo pou respekte yon lòd tribinal oswa yon lòd administratif. Nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo tou pou satisfè yon asiyasyon pou konparèt nan tribinal, yon demann pou dekouvèt, oswa lòt pwosesis legal yon lòt moun ki konsène nan konfli a, men sèlman depi genyen efò ki fèt pou fè w konnen demann lan oswa pou jwenn yon lòd pou pwoteje enfòmasyon yo mande yo.
- s) **Lapolis.** Nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo si ofisyèl lapolis fè demann pou yo konsa: (1) pou respekte yon desizyon tribinal, yon asiyasyon pou konparèt nan tribinal, yon manda, yon sitasyon pou konparèt oswa yon pwosesis sanblab; (2) enfòmasyon limite pou idantifye oswa pou chèche yon sispèk, yon moun ki sove, temwen kle, oswa yon moun ki disparèt; (3) konsènan viktim yon krim si, nan sèten sikonstans limite, nou pa anmezi pou jwenn akò moun lan; (4) konsènan yon lanmò nou kwè ki kapab fèt akòz konduit kriminel; (5) konsènan prèv konduit kriminel nan bilding nou yo; epitou (6) nan sikonstans ijan pou rapòte yon krim, pozisyon krim lan oswa viktim yo, oswa idantite, deskripsyon, oswa pozisyon moun ki te fè krim lan.
- t) **Doktè lejis, Entèwogatè medikal ak Responsab Ponp finèb.** Nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo ba yon doktè lejis oswa yon entèwogatè medikal. Nan kèk sikonstans, sa kapab nesese, pa egzansp, pou detèmine kòz lanmò a.

Nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo tou ba responsab ponp finèb jan sa nesèsè pou responsablite yo.

- u) **Sekirite Nasyonal Ak Aktivite Ransèyman..** Nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo ba ofisyèl federal ki genyen otorizasyon pou aktivite ransèyman, aktivite kont-espionaj, ak lòt aktivite lalwa otorize.
- v) **Sèvis Pwoteksyon pou Prezidan ak Lòt Otorite.** Nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo ba ofisyèl federal ki genyen otorizasyon pou yo ofri pwoteksyon pou Prezidan an oswa pou lòt moun ki genyen otorizasyon oswa pou moun k ap dirije peyi etranje oswa pou mennen ankèt espesyal.
- w) **Prizonye oswa Moun ki an Gadavi.** Nan ka prizonye yon enstitisyon koreksyonèl oswa prizonye ki an gadavi yon ofisyèl lapolis, nou kapab divilge Enfòmasyon Medikal yo ba ofisyèl enstitisyon koreksyonèl apwopriye oswa ofisyèl lapolis. Divilgasyon sa a kapab fèt sèlman si li nesèsè (1) pou enstitisyon an pou ofri ou swen sante; (2) pou pwoteje sante ak sekirite ou oswa sante ak sekirite lòt moun; oswa (3) pou pwoteksyon ak sekirite enstitisyon koreksyonèl la.

### **FASON NOU KAPAB ITILIZE AK DIVILGE REZILTA TÈS VIH**

Nou kapab itilize ak divilge rezilta tès VIH ou pou objektif ki dekri anwo a sèlman si ou bay pèmasyon ou alekri pou itilize ak divilge rezilta tès VIH sa yo ansanm avèk dosye medikal ou nan moman w ap fè tès la. Si ou pa t bay pèmasyon an, nou kapab itilize ak divilge enfòmasyon sa yo sèlman pou objektif limite san otorizasyon ou alekri:

- a) **Pou Tretman.** Nou kapab itilize rezilta tès VIH yo pou ofri ou sèvis swen medikal. Nou kapab divilge rezilta tès VIH y ba doktè, enfimyè, teknisyen, oswa lòt founisè swen medikal ki kapab patisipe nan swen medikal ou. Pa egzanp, nou kapab fè yon espesyalis konnen sitiyoasyon VIH ou pou pèmèt espesyalis la ofri ou sèvis adisyonèl.
- b) **Pou Peman.** Nou kapab itilize rezilta tès VIH lè pou nou konpile oswa revize dosye yo kòm faktirasyon woutin. Pa egzanp, nou kapab revize dosye medikal ou, ki genyen rezilta tès VIH, pou pèmèt nou prepare bòdwo kòrèkteman pou swen ou.
- c) **Pou Fonksyonman Swen Medikal.** Nou kapab itilize rezilta tès VIH si sa nesèsè pou pèmèt nou founi bon sèvis pou pasyan nou yo. Pa egzanp, nou kapab itilize rezilta tès VIH pou detèmine si nou founi ou sèvis apwopriye. Nou kapab divilge rezilta tès VIH ba komite ekip lopital pou pèmèt yo kontwole ak evalye pwogram yo.
- d) **Sante Piblik.** Nou kapab divilge rezilta tès VIH ba Depatman Sante Florid pou objektif rapòtaj ak kontwòl maladi.
- e) **Don Ògàn ak Tisi.** Nou kapab divilge rezilta tès VIH ba òganizasyon ki pwokire, trete, distribiye oswa itilize ògàn, zye, oswa tisi pou objektif don.
- f) **Rechèch.** Nou kapab divilge rezilta tès VIH ba chèchè medikal oswa chèchè epidemyolojik ki genyen otorizasyon, jan sa dekri anwo a.
- g) **Menas pou Sekirite.** Nou kapab divilge rezilta tès VIH ba biwo plasman timoun oswa gadri timoun, kay fanmi adoptif, bilding kote moun abite oswa pwogram

swen ki baze nan kominote ki patisipe dirèkteman nan plasman, swen, kontwòl oswa lagad timoun epi ki bezwen konnen enfòmasyon sa yo. Nou kapab divilge rezilta tèz VIH tou ba yon patnè seksyèl oswa patnè ki itilize menm zegwi ak ou dapre lalwa.

- h) **Lòd Tribinal.** Nou kapab divilge rezilta tèz VIH pou respekte yon lòd tribinal ki mande divilgasyon an yon fason espesifik.

### **FASON NOU KAPAB ITILIZE AK DIVILGE NÒT SIKOTERAPI YO**

Nou kapab itilize ak divilge nòt ki pran pandan konsèy sikoterapi ou resevwa nan University sèlman pou objektif limite sa yo:

- a) **Pou Tretman.** Doktè oswa terapeyè ki te kreye nòt sikoterapi a kapab itilize nòt ki idantifye ou pou tretman ou oswa pou ofri ou sèvis swen medikal. Pa egzanp, yon doktè kapab revize nòt li yo anvan sesyon terapi ou.
- b) **Aksyon Legal.** Nou kapab itilize ak divilge nòt sikoterapi ki idantifye ou pou defann University of Miami nan yon aksyon legal oswa nan yon lòt pouwit jidisyèl. Pa egzanp, nou kapab divilge nòt sikoterapi yo ba avoka nou k ap defann University nan yon pwosè.
- c) **Jan Lalwa Egzije sa.** N ap divilge nòt sikoterapi ki idantifye ou lè lalwa entènasyonal, lafwa federal, lalwa leta ak lalwa lokal egzije nou pou fè sa.
- d) **Aktivite Neglijans Medikal.** Nou kapab divilge nòt sikoterapi ki idantifye ou ba yon biwo ki okipe afè neglijans medikal pou aktivite neglijans ki konsène moun ki kreye nòt yo. Aktivite neglijans sa yo dekri anwo a.
- e) **Doktè Lejis ak Entèwogatè Medikal.** Nou kapab divilge nòt sikoterapi ki idantifye ou ba yon doktè lejis oswa yon egzaminatè medikal, jan sa dekri anwo a.
- f) **Pou Evite Yon Menas Grav pou Sante oswa Sekirite.** Nou kapab itilize ak divilge nòt sikoterapi ki idantifye ou lè li nesèsè pou evite oswa diminye yon gwo menas sou sante ak sekirite, jan sa dekri anwo a.

### **DWA OU**

Ou genyen dwa sa yo, anba sèten limit, konsènan Enfòmasyon Medikal ou nou konsève:

- a) **Dwa pou fè Enspeksyon ak pou fè Kopi.** Ou genyen dwa pou fè enspeksyon ak kopi Enfòmasyon Medikal ki kapab itilize pou pran desizyon sou swen ou oswa sou peman pou swen ou resevwa.
- b) **Dwa pou fè Amannman.** Si ou kwè Enfòmasyon Medikal nou genyen yo pa kòrèk oswa pa konplè, ou kapab mande nou pou fè amannman nan enfòmasyon yo. Ou genyen dwa pou mande yon amannman toutotan nou konsève enfòmasyon yo oswa toutotan enfòmasyon yo konsève pou nou. Ou dwe fè nou konnen rezon pou demann ou.

- c) **Dwa pou jwenn yon Kontrandi sou Divilgasyon yo.** Ou genyen dwa pou mande yon kontrandi sou sèten divilgasyon Enfòmasyon Medikal nou te kreye yo.
- d) **Dwa pou Fè Demann Restriksyon.** Ou genyen dwa pou mande yon restriksyon oswa yon limit sou Enfòmasyon Medikal nou itilize oswa divilge pou tretman, peman, oswa fonksyonman swen medikal. Ou genyen dwa pou mande yon limit sou Enfòmasyon Medikal nou divilge sou ou ba ou yon moun ki patisipe nan swen ou oswa nan peman pou swen ou, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi. Pa egzanp, ou kapab mande pou nou pa divilge enfòmasyon sou chiriji ou ba mari oswa madanm ou. Nou pa genyen obligasyon pou aksepte demann ou. Si nou dakò avèk demann ou, n ap satisfè demann ou sof si nou bezwen itilize enfòmasyon yo nan sèten sityasyon tretman pou ijans.
- e) **Dwa pou Fè Demann Kominikasyon Konfidansyèl.** Ou genyen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou sou afè sante ou nan yon sèten manyè oswa yon lòt kote. Pa egzanp, ou kapab mande pou nou kontakte ou sèlman pa lapòs oswa nan travay ou. Demann ou kapab endike fason oswa kote ou vle pou nou kontakte ou. N ap satisfè demann rezonab yo.
- f) **Dwa pou Fè yon Kopi Avi sa a sou Papyè.** Ou genyen dwa pou fè yon kopi avi sa a sou papyè. Ou kapab mande nou pou ba ou yon kopi avi sa a nenpòt kilè. Menm si ou dakò pou resevwa avi sa a sou fòm elektwonik, ou toujou genyen dwa pou resevwa yon kopi avi sa a sou papyè. Ou kapab jwenn yon kopi avi sa a sou sit wèb Privacy Office: <http://www.med.miami.edu/hipaa>

### **FASON POU EGZÈSE DWA OU**

Pou egzèse nenpòt dwa ou ki dekri nan avi sa a, ki diferan ak dwa pou jwenn yon kopi avi sa a sou papyè, ou dwe kontakte nenpòt Responsab Dokiman UM/Dosye oswa ou kapab voye yon demann alekri ba:

**University of Miami**  
**Office of HIPAA Privacy & Security**  
 P.O. Box 019132 (M-879)  
 Miami, Florida 33101

**Pou University of Miami Hospital (UMH) SÈLMAN:**  
 University of Miami Hospital  
 Privacy Office  
 1400 NW 12th Avenue  
 Miami, Florida 33136

oswa ou kapab pote demann ekri ou poukont ou nan Privacy Office ki nan Professional Arts Center, 1150 NW 14th Street, Miami, Florida. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit wèb nou: <http://www.med.miami.edu/hipaa>.

**OKENN LÒT MANM PÈSONÈL, DOKTÈ, ENFIMYÈ, MANM LEGLIZ, OSWA OKENN LÒT MOUN PA OTORIZE POU AKSEPTE YON DEMANN POU EGZÈSE DWA OU.**

### **CHANJMAN NAN AVI SA A**

Nou genyen dwa pou chanje avi sa a epi pou mete avi ki revize oswa chanje a anvigè pou Enfòmasyon Medikal nou genyen deja ak nenpòt enfòmasyon n ap resevwa alavni. N ap afiche yon kopi nouvo avi a nan lopital, klinik ak biwo doktè. Avi a ap genyen dat li anvigè sou premye paj la, nan kwen dwat la pa anlè.

### **PLENT AK KESYON**

Si w kwè yo vyole dwa konfidansyalite ou genyen, ou kapab pote plent ba nou, oswa ba Sekretè Ministè Sante Etazini. Pou pote yon plent ba nou, kontakte Privacy Office nou nan adrès ki endike anwo a. Tout plent yo dwe fèt alekri. **Ou p ap resevwa sanksyon poutèt ou pote plent.**

Si ou genyen nenpòt kesyon sou avi sa a, tanpri kontakte Privacy Office nou nan nimewo 305-243-5000 oswa 1-866-366-HUSH (4874). Pou University of Miami Hospital (UMH), tanpri rele nan nimewo 305-325-5761.